



KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA

KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN WONOSOBO
FKKM MTs KABUPATEN WONOSOBO

Alamat: Jl. Banyumas KM 04 Wonosobo 56361 Telp:(0286)322386

SUMATIF TENGAH SEMESTER (STS) GENAP

TAHUN PELAJARAN 2023-2024

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : VII (Tujuh)

Hari / Tgl : Senin, 25 Maret 2024
Waktu : 07.30-09.00

I. Pilihana wangsulan kanthi menehi tandha silang (X) ing aksara A, B, C utawa D kang kokanggep bener!

1. Kasusastran iku ana kang wujudé gancaran. Jinising gancaran (karangan) ana 5 yaiku narasi, deskripsi, argumentasi, eksposisi, lan persuasive. Saben karangan duweni titikan kang beda-beda. Kang diarani karangan deskripsi yaiku. . . .
 - A. gancaran kang isine nyritakake samubarang kanthi runtut manut urutan wektu
 - B. karangan isine menehi katrangan salah sijine topik utawa masalah kanggo menehi informasi utawa kabar marang wong kang padha maca
 - C. karangan kang isine ngandharake sawijining pendapat/gagasan/ide ngenani bab apa bae dikantheni alasan/bukti sing kuat, supaya sing padha maca percaya marang panemune penulis mau
 - D. karangan kang isine menehi gambaran kahanan samubarang apa bae
2. Jenis teks deskripsi yaiku
 - A. Deskripsi induktif dan deduktif
 - B. Deskripsi obyek dan gambaran
 - C. Deskripsi obyektif dan subyektif
 - D. Identifikasi, klasifikasi dan bagian
3. Supaya bisa luwih gamblang anggoné mangerteni karangan dheskripsi babagan pariwisata, siswa kudu ngugemi paugeran nyemak. Nyemak ora mung waton ngrungokake bae, nanging kudu
 - A. Swara, kalebu pelafalan lan pengucapan kudu cetha
 - B. Nyathet bab-bab utawa perangan kang wigati.
 - C. Cendhek dhuwure swara (intonasi).
 - D. Siswa nengenake bab kang disemak utawa nyawiji nalika nyemak
4. Nalika arep nulis paragraf deskriptif ora kena sakarepe dhewe ananging ana bab-bab kang perlu ditindakake supaya bisa nulis karangan deskripsi yaiku:
 - A. nyathet perangan-perangan bab kanthi tlesih.
 - B. nggoleki topik kang padha saka maneka media cetak
 - C. maca paragraf kapisan lan pungkasan
 - D. nliti kanthi sekilas pituduh-pituduh liyane babagan bab kang wigati
5. Wacanan deskripsi kang carane nggambarake objek ora ditambahi angen-angen pangripta diarani...

- A. deskripsi subjektif
 - B. deskripsi intensif
 - C. deskripsi objektif
 - D. deskripsi ekstensif
6. Tembung saroja yaiku tembung loro sing meh padha utawa padha tegese digandheng dadi siji, lan nduweni teges mbangetake. Tuladha tembung saroja yaiku isih awan kok langite **peteng ndhendhet**, sajak arep udan. Tembung kang kacetak kandel tegese yaiku. . . .
- A. rada peteng
 - B. koyo bengi
 - C. peteng banget
 - D. mendung
7. Minangka salah sijine papan wisata kang *kawentar*, Dieng dadi papan wisata kang endah swasanane.
- Tegese tembung *kawentar* ing ukara kasebut yaiku....
- A. dikenalake
 - B. misuwur
 - C. nyedhaki
 - D. papan wisata

Papan Wisata Dieng

Papan wisata Dieng mapan ing Kabupaten Wonosobo lan Banjarnegara. Dieng uga katelah “*negeri di atas awan*”. Minangka salah sijine papan wisata kang kawentar, Dieng dadi papan wisata kang endah swasanane. Endah pindhak kukus gantung, sawangan kang adi luhung. Papane kang dhuwur ndadekake Dieng hawane adhem banget.

Kanggo nuju menyang Dieng, bisa saka Banjarnegara lan bisa uga saka Kutha Wonosobo. Dalane munggah-mudun, lan sakiwa tengene akeh tetanduran kang sarwa ijo. Yen disawang sarwa merak ati.

8. Apa irah-irahane wacan ing nduwur yaiku. . . .
- A. Papan wisata Dieng
 - B. Dieng
 - C. Kutha Wonosobo
 - D. Papan wisata

Wacanen pethilan karangan ing ngisor iki!

Yen ana ing Pantai Teluk Penyu bisa nyawang segara kidul. Kajaba iku uga bisa nyawang Pulo Nusakambangan. Ombaking segara kidul beda karo ombaking segara lor. Ing Teluk Penyu, akeh prau lan kapal nelayan. Swasana sansaya endah, nalika srengenge wiwit anglup ing iring kulon. Swasana segara kidul pancen nengsemake. Sapa bae sing nate plesir menyang Pantai Teluk Penyu mesthi kelingan. Kejaba ana kapal-kapal gedhe lan

PTS GENAP/B.JAWA/VII/2023-2024

prau nelayan, ugo bisa nyawang Pulo Nusakambangan. Swasana Pantai Teluk Penyu tansah nabet jroning ati.

9. Nitik saka paragraf loro kasebut isine kang padha babagan
- A. segara kidul kang amba
 - B. swasana pantai kang endah
 - C. ombak segara kidul gedhe
 - D. dalan nuju Teluk Penyu
10. Latar panggonan sing dirembug ing pethilan karangan ing dhuwur yaiku....
- A. Pantai teluk penyu lan Nusakambangan
 - B. Segara kidul lan Segara Lor
 - C. Prau lan Kapal nelayan
 - D. Srengenge angslup lan Ombak segara kidul
11. Swasana segara kidul pancen nengsemake.
- Tembung “nengsemake” nduweni teges....
- A. mboseni
 - B. medeni
 - C. nguciwani
 - D. nyenengake
12. Swasana Pantai Teluk Penyu tansah nabet jroning ati.
- Tembung “nabet jroning ati” tegese....
- A. ora gampang dilalekake
 - B. ndadekake ati seneng
 - C. nengsemake ati
 - D. nguciwani ati
13. **Wangsalan** iku unen-unen cangkriman nanging dibatang (dibedhèk) dhéwé. Ukarané ora persis nanging mèmper waé. Wangsalan ana kang awujud ukara selarik, bisa uga awujud tembang. Apa kang diarani wangsalan lamba?
- A. wangsalan kang mung isi batangan (tebusan) siji.
 - B. wangsalan sing isi batangane luwih saka siji
 - C. wangsalan sing carane nggoleki batangane sarana ngoceki tegese tetembungane ambal ping pindho.
 - D. wangsalan mawa paungeran tartamtu
14. Ing ngisor iki kang kalebu tuladhane wangsalan lamba, yaiku
- A. jenang sela, wader kalen sasonderan. (apu, sepat) **Apurata**, yen wonten **lepat** kawula.
 - B. njangan gori = nggudhèg
 - C. pindang lulang, **kacek** apa aku karo kuwe (Pindhang lulang = Krecek)
 - D. tepi wastra, wastra kang tumprap mustaka.
15. Tembung Ramayana asale saka basa sanskerta yaiku saka tembung....
- A. Rama lan sinta
 - B. Rama lan yana

- C. Rama lan ayana
 - D. Ram lan ayana
16. Ing India versi basa Sansekerta, Ramayana kaperang dadi....
- A. Enem kitab Saptakandha
 - B. Pitung kitab Saptakandha
 - C. Pitung kitab Balakandha
 - D. Wolung kitab Aranyakandha
17. Ing India versi basa Sansekerta, Ramayana kapérang dadi pitung **kitab Saptakanda**, yaiku Balakanda, Ayodhyakanda, Aranyakanda, Kiskindhakanda, Sundarakanda, Yuddhakanda, lan Uttarakanda. Isine kitab Ayodyakandha yaiku
- A. Nyritakake nalika Prabu Rama isih timur
 - B. Sugriwa ing guwa kiskendha mitulungi Rama
 - C. Anoman nemoni Sinta ana ing taman Soka.
 - D. Prabu Rama dedunung ing Ayodya kaliyan Dewi Sinta

Pilihan Ganda Kompleks

Wacanen wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli nomer 18 lan 19 !

Sawise dielingake Dewi Kekayi Prabu Dasarata tambah susah atine sebab kudu milih salah siji Raden Rama Wijaya apa Raden Bharata sing bakal ngganteni dheweke. Raden Rama Wijaya ngerti perkara iki mula dheweke sing ngalah, netepi unen-unen “wani ngalah luhur wekasane”. Raden Rama Wijaya lan Dewi Sinta garwane milih lunga saka Ayodya, lelana ing alas saperlu ngututake obahe suku krenteging ati. Lungane dikancani Raden Laksmna Widagda.

18. Raden Rama Wijaya lan Dewi Sinta garwane milih lunga saka Ayodya, lelana ing alas. Pilihan Raden Rama Wijaya iki ndadekake
- A. Prabu Dasarata tentrem atine.
 - B. seneng atine Dewi Suka Sulya.
 - C. Raden Barata bisa dadi raja kaya sing karepake Dewi Kekayi.
 - D. Raden Laksmna ora tega marang Raden Rama Wijaya mula banjur melu ngancani.
19. Adhedhasar wacan ing nduwur, pungkasan Prabu Dasarata iku mutusake perkara kang abot, yaiku
- A. Sinta dados garwane Laksmna
 - B. Barata lunga menyang alas
 - C. Rama, Shinta, Laksmna lelana
 - D. Rama dados raja ing Ayodya

Wacanen wacan ing ngisor iki!

Rama lan ayana Prabu Rama ninggalake kerajaan lan ngumbara dikancani dening garwane Dewi Sinta lan rayine Lesmana. Sak jerone alas, rombongan mau gawe gubuk kanggo manggon.

Sawijining dina, Dewi Shinta weruh kidang Kencana kang endah banget. Deweke kepengin kidang kuwi banjur jaluk marang garwane supaya nyekelake kidang kuwi. Saking tresnane Prabu Rama marang garwane, banjur ngupaya nyekel kidang kuwi. Prabu Rama ndhawuhi Lesmana kanggo njaga garwane.

Kidang kuwi pancen angel dicekel. Kidang dioyak nganti tengah alas. Wusana Prabu Rama kasil njemparing kidang kuwi. Kidang kuwi njerit swarane kaya swarane Prabu Rama. Dewi Shinta krungu swara kuwi banjur ndawuhi Lesmana kanggo nyusul Prabu Rama. Nanging sak durunge Lesmana nyusul Rama, deweke gawe bunderan kang ngubengi omahe kanggo nglindhungi Dewi Shinta. Lesmana pesen yen Dewi Shinta aja metu saka bunderan kuwi.

Lesmana banjur nyusul Prabu Rama. Tekane ing tengah alas Lesmana kaget, pranyata swara mau dudu swarane Prabu Rama, anging swarane Kalamarica kang nyamar dadi kidang.

Banjur Lesmana lan Prabu Rama bali ing gubuke. Sak tekane ing gubuk, kekarone kaget amarga Dewi Shinta wus ora ana. Dewi Sinta diculik dening Rahwana kang nyamar dadi wong jaluk-jaluk.

20. *“Kidang kuwi pancen angel dicekel. Kidang dioyak nganti tengah alas. Wusana Prabu Rama kasil njemparing kidang kuwi. Kidang kuwi njerit”*

Koyo apa njerite kidang miturut cerita ing nduwur. . . .

- A. koyo swarane Prabu Rama
- B. koyo swarane Dewi Sinta
- C. koyo swarane garwane Prabu Rama
- D. koyo swarane Anoman